**Ádebiyatlar**

1. Авдеев А. Д., «Происхождение театра».-1959.
2. Станиславский К. С. Сборник сочинении. -1954-61.
3. Хорижий театр тарихи (русчадан С. Турсунбоев таржимаси), 1997, 1999;
4. Ўзбек театри тарихи, Театр, 2003.
5. Родина М. Т. Большая советская энциклопедия: Советская энциклопедия, 1969-1978.
6. Театральная энциклопедия (под ред. А. П. Маркова). - М.: Советская энциклопедия, 1961-1965.
7. Бушуева С. К. Взаимосвязи: Театр в контексте культуры: Сборник научных трудов. - Л. 1991.
8. Барбой.Ю.М. Структура действия и современный спектакль.-Ҡалып:Л, 1988.
9. Театральная энциклопедия (под ред. А. П. Маркова). - М:Советская энциклопедия.1961-1965.
10. Рудницкий К. Л. Театральная энциклопедия (под ред. П. А. Маркова). - М:Советская энциклопедия. 1961-1965.
11. Трагедия. Словарь античности. Составитель Йоханнес Ирмшер (перевод с немецкого). – 1994.

**REZYUME.** Teatr saxnalarida koʻplab bajarilib kelayotgan spektakllar, bajarilib kelinayotgan xalq taronalari, orkestrlar tomonidan bajarilib kelinayotgan taronalar, xalqning turidan oʻrin olib kelmoqda. Teatr va musiqa har dam san’at sohasida baravar oʻrinlarga ega. Oʻsha sababli xozirgi kunda qoraqalpoq teatrlari da rivojlanib borayotganligini aytib oʻtsak boʻladi.

**РЕЗЮМЕ.** На театральных подмостках ставятся многочисленные спектакли, исполняемые народные тароны, тароны, исполняемые оркестрами, из рода народа. Театр и музыка занимают одинаковое место в искусстве. По этой причине можно упомянуть, что в настоящее время каракалпакские театра тоже развиваются.

**SUMMARY.** Numerous performances are acted on the stage, performed by folk music, and music performed by orchestras, from the kind of people. Theater and music occupy the same place in the art. For this reason, it can be mentioned that Karakalpak theatres are currently developing.

## AKTYORLÍQ ÓNERINIŃ EŃ BIRINSHI TALAPLARÍNÍŃ BIRI BUL – SHEBERLIK

**L.Urazmbetova** - *docent*
**B.Nazarımbetov**- *oqıtıwshı,*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch soʻzlar:** vokal, san’at, aktyor, musiqa, pedagog, teatr, nafas, mashq, diafragma.
**Ключевые слова:** вокал, искусство, актер, музыка, педагог, театр, дыхание, упражнение, диафрагма.
**Key words:** vocal, art, actor, music, teacher, theater, breathing, exercise, diaphragm.

Aktyor – saxna dóretiwshisi. Ol ózin qorshap turǵan átiraptı tereń, zawıqlı túrde qabıl etip, ózi atqarıp atırǵan tımsallar turmısın naǵız ózinikindey seze aladı, olardıń dárti hám quwanıshın óz moynına alıp ómir keshiredi. Aktyordıń joqarı sheberligi onıń bay tásirsheń qábileti, pikiriniń jámlengenligi, tereń sezimleri turmıstı tolıq qabıl etedi. Saxna dóretiwshilerdi tárbiyalap, kámalǵa keltiriwde pedagogtıń kóplegen qıyınshılıqtı sheshiwine tuwrı keledi. Aktyorlıq óneriniń eń birinshi talaplarınıń biri bul-sheberlik. Talantlı aktyor hárdayım saxnanıń shamshıraǵı bolıp kelgen. Aktyor ásirese usı talantı, sheberligi sebepli tamashagóydi tásirlendirgen, quwandırǵan, yosh bergen.

Sheberlik – bul kompetenciyalılıq hám qábiliyettiń eń joqarǵı shoqqısı esaplanadı. Sonıń ushında sheberlik miynet súyiwshiliktiń nátiyjesi bolıp, miynet arqalı ǵana qáliplesedi hám rawajlanadı. Aktyor shıǵarma tekstin óziniń dóretiwshiligine boysındırıp, kórkemlik ónerin keltirip shıǵaradı, tamashagóylerdi tásirlendiredi. Aktyorda hárdayım janlı, gózzal, tásirli turmıslıq kórinisti kóre alıw ıqlasbentler ushında zawıqlı boladı. Aktyordıń tamashagóy menen bolǵan baylanısı qanshama ótkir, qanshama qarama-

qarsılıqqa tolı bolsa, onıń gúrrińi, monologı tásirli hám janlı shıǵadı. [1. Ahmedov F.E. 214 b.] Aktyor atqarıp atırǵan roliniń ruwxıyatına tolıq kire almasa, tamashagóydi isendire almaydı. Aktyorlıq óneriniń oq tamırı áne sonda. Partnyor menen baylanısta dıqqatlı bolıw, eń tiykarǵısı kóriw hám esitiw arqalı bahalawdı (ocenka) biliw kerek. Eger bahalaw bolmasa, saxnalıq is-hárekette heshqanday organika payda bolmaydı. Teatr dóretiwshileri aktyor hámde rejissyor ushın sırtqı dúnyanı, barlıqtı qabıl etiwdiń tek ǵana usı kásipke tiyisli tárepleri – bul:

1. Obyektti, barlıqtı qabıl etiw, onı seze biliw.
2. Qabıl etip, sezgenlerin este saqlap qalıw.
3. Este saqlap qalǵanların ámelde qollana biliw.

Aktyordıń dóretiwshilik sırların tereń úyrengen K.S.Stanislavskiy, aktyor sheberliginiń tiykarǵı faktorlarınıń biri, bul onıń yadında saqlanǵan sezim-tuyǵılardıń uyǵınlıǵı hám bul sezimlerdi ol óz dóretiwshiliginde islete alıwı dep keltiredi.

K.S.Stanislavskiydiń «aktyordıń basqa obrazǵa kiriwi» degeni bul aktyordıń atqarıwı kerek bolǵan roline onıń dóretiwshilik izleniwi, óz roline jaqınlasıwı, onı izlep-aqtarıp tabıwı hám aqır-aqıbet onıń saxna obrazın jaratıwı demek. Aktyor saxna obrazın qalay jaratadı? Buǵan qalay erisedi? Qanday jollar menen jaratadı? Aktyor roldi ózine jaqınlastırama yamasa ózi rolge jaqınlasama?

Dáwir ózgeriwi menen, teatr óneriniń rawajlanıp barıwı menen, aktyorlıq óneriniń qırları, jańa-jańa metodları payda etiliwi menen K.S.Stanislavskiydin «aktyordıń basqa obrazǵa kiriwi» haqqındaǵı pikirine múnásibet ózgerip barıwı anıq hám sonday bolıp kelgen. [2, Egamberdiyev F.T. 221 b.]

Aktyorlıq óneriniń tájiriybesinde hárdayım tartısıwlarǵa sebep bolıp kiyatırǵan eki jol bar: Birinshiden – aktyordıń atqarıp atırǵan obrazına «ózinen kelip shıǵıp» oynawı, yaǵnıy óz rolin óziniń shaxsına boysındırıwı, berilgen shárt-sharayatqa ózinen kelip shıǵıp kirisiwi. Ekinshi jol –obrazdan kelip shıǵıp, aktyordıń atqarmaqshı bolǵan rolin izlep-aqtarıp tabıwı sáwlelendirip beriwi. Aktyor óz rolin qıyalında qayta-qayta tákirarlaydı, jaratadı, jáne qaytadan bóleklerge bólip jıynaydı, qay jerde júrse de, úyinde me, teatrdama, bándirgide me, avtobusta ma qay jerde bolmasın usı obraz benen jasaydı. Onı mayda-shúydesine shekem izertlep shıǵadı. «Ol kim, ne ushın bunday etip atır, onıń júris-turısı, qılıǵı, júzindegi ózgerisler, hámme-hámme nársesin, mayda kletkalarına shekem úyrenip baradı. Bunıń ushın aktyorda sheberlik, belgili halattan ekinshi bir halatqa belgili tezlikte óte alatuǵın, berilgen hám kútilmegen shárt-sharayatta da óz rolin rawajlandıra alatuǵın úlken qábiliyeti bolıwı kerek. [3, Mahmudov J. 89-90 b.] Pútkilley bir basqa insandı qáliplestiriw, mayda-shúydesine deyin qayta tiklew, basqa barlıq nársesin tawıp, ornı-ornına qoyıw bul júdá quramalı process, aktyorǵa járdem beriw kerek, onıń erkin dóretiwshilik etiwine imkaniyat jaratıw kerek. A.S.Pushkin aytqanınday «berilgen sharayatta sezimlerdiń tábiyiyligi hám sezimlerdiń haqıyqatshıllıǵı» teatrda tiykarǵı ólshem esaplanadı. Sonıń ushın teatr tarawındaǵı jańalıqlardıń biri aktyordıń dóretiwshilik she-berligin tınbay asırıw hám sol sheberliktiń qáliplesiw jolların izlewdep ibarat bolmawı lazım. Tek aktyor menen rejissyor bir-birine dóretiwshilik qatnas jasaǵanda ǵana haqıyqıy teatr óneri tuwılıwı múmkin. ámelge asırıw úsh basqıshta júz beredi:

- Stol átirápındaǵı proces
- Shala islengen (ele pitpegen) saxnada islew;
- Úlken saxnada islew;

Aktyorlar menen islewde stol átirapındaǵı jumıs rejissyor ushın júdá áhmiyetli esaplanadı. Bunı bolajaq imarattıń fundamentin bekkemlew menen salıstırıw yamasa tuqım egiwge teńlestirse boladı. Bolajaq spektakldiń jetiskenligi, kepili mine usı procestegi jumıstıń nátiyjeliligine kóp tárepten baylanıslı bolıp esaplanadı. Rejissyor ádette aktyorlar menen bolatuǵın birinshi ushırasıwǵa aldınnan tayarlıq kórgen halda, qolındaǵı pyesanı jaqsı túsinip jetken, tiyisli dereklerdi túpten úyrengen, bolajaq spektakl joybarın qıyalında sáwlelendirgen halda keledi.[4, Mahmudov J., Mahmudova H. 216 b.]

Sonday-aq, rejissyor, mazmunnıń rawajlanıwı, úzliksiz is-háreket, pyesanıń úzindileri hám olardı baslanǵısh noqatları, qatnasıwshılardıń óz-ara qatnasları, hárbir qatnasıwshılardıń usınısı hám shıǵarmanıń ideyalıq mánisin ashıp beriwde olardıń ornı sıyaqlı dóretiwshi jumıslardı da aldınnan belgilep qoyǵan bolıwı zárúr. Bálkim usı dáwirge kelip, bolajaq spektakldiń negizi qayerde ekenligin de belgilep qoyǵan bolsa ájep emes. Eger rejissyordıń niyetleri, oy-pikirleri dóretiwshi jámáattiń de aktiv isine aylansa, onıń qanına sińse ǵana, shınıǵıwlar nátiyjeli bolıwı múmkin. Rejissyordıń dáslepki túsinikleri hám miynetleri bul ele sonshelli shiyki reje. Bul jámáát penen islew procesinde kóp sınawlardan ótiwi kerek boladı.

Mine sonday shınıǵıwlar procesindegi sınawlardan ótiw arqalı, rejissyor niyeti pisedi, haqıyqatqa jaqınlasadı.[5, Mamatqosimov J. 66 b.] Bunıń ushın bolsa rejissyor, bolajaq spektakldiń maqseti, ideyası, tımsallar, ortalıq, dáwir haqqındaǵı dóretiwshi toparǵa soraw taslaw, hám de bul sorawlarǵa birgelikte juwap tabıwı kerek. Ayrıqsha itibar qaratıw kerek bolǵan nárse bunday talqılawlar procesinde rejissyor ilajı barınsha kóbirek háreket etiwi kerek. Kóbirek aktyorlardı sóylettiriw kerek. Shıǵarmanıń ideyalıq baǵdarı, joqarı maqset, úzliksiz háreketler, qaharmanlardıń

óz-ara múnásibetleri, hárbir tımsaldı qanday qıyal etiwi, ulıwma ortalıq hám basqa tárepler haqqında qatnasıwshılardı sóylettiriwge úyretiw zárúr. Bıraq rejissyor da óz náwbetinde temadan shetke shıǵıp ketpew, olardı qızıqtırıp, durıs baǵdarǵa burıp turıwı shárt. Spektakl ústindegi jumıstıń dáslepki basqıshı esaplanǵan, stol átirapındaǵı shınıǵıwdan gózlengen maqset negizi sonnan ibarat. Bul aktyorlardı paydalı jumıstan kóre paydasız jumısqa baǵdarlap, miyin sharshatadı. Soǵan uqsas unamsız jaǵdaylar, nátiyjesinde Meyerxold stol átirapındaǵı dáslepki repeticiyanı ulıwma qollanbaǵan bolsa K.S.Stanislavskiy de ómiriniń aqırlarında ulıwma stol átirapında repeticiyalardan bas keshiw dárejesine barıp jetken edi. Sonıń ushın bul sıyaqlı jumıslardı imkanı barınsha sozbastan issheńlik sharayatında ótkeriw usınıs etiledi. [6, Sayfullayev B.S., Mamatqosimov J.A. 73-74 bb.] Dáslepki háreket shala bolıwı, sózler yad bolmawı múmkin. Bıraq házirshe buǵan onsha kóp itibar bermesten, bir eki awız sóz benen áne usı hárekettiń tuwılıwı, payda bolıw procesi, etyud formasında bolsa aktyor tárepinen sol jumıstı orınlawǵa óz ıqtıyarı payda bolıwı áhmiyetli. Bul jerde belgili bir hárekettiń tolıq orınlanıwı emes, sonday háreket etiw zárúrligi tuwılıwı áhmiyetli.

Eger rejissyor, aktyor da sol waqıtta, tek ǵana usı háreketten basqası jaramaslıǵın túsinip jetse, tek usı háreketti orınlaw zárúrligi tuwılǵanlıǵın sezse, shınıǵıwdıń ekinshi basqıshında yaǵnıy, úzliksiz háreket shınjırın payda etiw procesine ótiwi múmkin.

Rejissyor ushın bul basqıshtaǵı shınıǵıwdan gózlengen maqset, hárbir qatnasıwshı, óz roli boyınsha sol waqıtta tek ǵana sonday háreket etiwin seziwi, ańlawı, sonda háreketke zárúrlik seziwi kerek. Sonday hárekettiń logikalıq kelip shıǵıwın túsinip jetiwi áhmiyetli. Eger bul jumıs procesinde aktyorda tabılǵan háreketti otırǵan jerinen turıp ketip, orınlawǵa degen qızıǵıwshılıǵı tuwılsa onı ulıwma toqtatpaw kerek. Aktyor tursın, háreketin orınlap bolıp otırsın, jáne tursın. Usı háreket denesine, sanasına sińgenge shekem. Biraq bunday háreketti oynawǵa, sáwlelendiriliwinen saqlanıw lazım. [7, Urazmbetova L. 44 b.] Mısal ushın, atqarıwshı aktyor óz sheriginen qanday da bir nárseni aldın sorasa, jalınsa bul da járdem bermegennen, xoshametlewge ótse, eger bul da járdem bermese, qorqıta baslasa, soń óz jumısınan qorqıp keshirim sorap jalınsa, soń basqa sherigine birinshisiniń ústinen arız etse, nenidur qulaǵına sıbırlasa, negedur shama etse, nenidur biykarlasa hám sońında onıń qılmısların pash etse:-bul aktyordıń bul saxnadan gózlegen maqsetine erisildi dep esaplaw múmkin hám shıǵarmanıń ekinshi úzindisine tolıǵınsha ótiw múmkin.

## Ádebiyatlar


1. Ahmedov F.E. Ommaviy bayramlar rejissurasi asoslari». Darslik.-Toshkent: Aloqachi, 2008. – 424 b.
2. Egamberdiyev F.T. «Estrada va ommaviy tomoshalar rejissurasi. Oʻquv qoʻllanma. – Toshkent: Fan va texnologiya, 2018. – 356 b.
3. Mahmudov J. «Aktyorlik mahorati». Darslik.- Toshkent: Bilim, 2005. -192 b.
4. Mahmudov J., Mahmudova H. «Rejissura asoslari». Darslik. – Toshkent: Oʻzbekiston milliy ensiklopediyasi, 2008. – 224 b.
5. Mamatqosimov J.A. «Aktyorlik mahorati». Oʻquv qoʻllanma. – Toshkent: Lesson press, 2019. – 220 b.
6. Sayfullayev B.S., Mamatqosimov J.A. «Aktyorlik mahorati». Darslik.-Toshkent: Fan va texnologiya, 2012. – 388 b.
7. Urazmbetova L. «Aktyorlıq sheberligi». Oqıw qollanba. Toshkent: Fan va texnologiya. 2019 jıl.



**REZYUME.** Maqolada san’at oliygohlarida oʻqish istagini bildirgan yoshlarga tavsiyalar va bugungi kunda san’at oliygohlariga kirish uchun nimalarga koʻproq e’tibor qaratishi lozimligi, qolaversa bugungi yosh avlodni musiqiy bilimlarini oʻstirish natijalari haqida tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье проанализированы рекомендации для молодых людей, желающих обучаться в художественных вузах и на что следует обратить больше внимания при поступлении в художественные вузы сегодня, а также результаты совершенствования музыкальных знаний современного молодого поколения.

**SUMMARY.** The article analyzes recommendations for young people who want to study at art universities and what should be paid more attention to when entering art universities today, as well as the results of improving the musical knowledge of the modern young generation.